

Tata Pangibadah Minggu Trinitas
GKJ Salatiga, 31 Mei 2026, pangibadah tabuh 09.00
(werni liturgi:pethak)

Tritunggal Tan Winates

P. = Pelados (Pengkhotbah); **U.** = Umat/Pasamuwan ; **Pr.**= Primus; **M** = Pradata; **Ltgs** = Liturgos; **L1,2** = Lektor/tris

PRA LITURGI

- Pandonga pribadi umat.
- Pandonga konsistorium.
- *Lonceng 1x - Pamaosing Pawartos Greja (M.1)*
- *Lonceng 2x – Pratanda Pangibadah kawiwitan*

LITURGI MLEBET

Timbalan Pangibadah

Ltgs: Pasamuwan ingkang kinasih,

Dinten punika kita mengeti Minggu Trinitas utawi Tritunggal. Kita tinimbangan ngraos-raosaken pakaryaning Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh wonten ing gesang kita. Sumangga kanthi suka-bingah kita sowan Gusti ing pangibadah punika, manembah Gusti Allah Tritunggal ingkang Mahaagung, Mahasetya lan Mahaluhur.

Pasamuwan kaaturan jumeneng, sesarengan kita lumebet ing pangibadah punika kanthi ngrepekaken **KPJ 22: 1-3**

[Pasamuwan jumeneng], Ngidungaken KPJ 22: 1-3 “PUJI KONJUK ALLAH RAMA”

1. Puji konjuk Allah Rama, puji konjuk Sang Putra
Puji konjuk Sang Roh Suci, tetiganya nyawiji.
Haléluya! Haléluya! Tetiganya nyawiji.
2. Pinuji Ratuning swarga, Gustiné pra manungsa,
nggih Ratuning pasamuwan, Ratu sumbering gesang.
Haléluya! Haléluya! Ratu sumbering gesang.
3. Pinuji Allah Makwasa kang nitahken jagad rat,
wah milujengken manungsa, krana gunging sih-rahmat.
Haléluya! Haléluya! Krana gunging sih-rahmat.

*(Pelados lan Pradataning Pasamuwan lumebet ing papan pangibadah –
P nyumet lilin)*

Votum dan Salam

P : Pangibadah Minggu Trinitas punika kelampahan wonten ing asmanipun
Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci!

U : do = d - e - f 2 ketuk
 5 6 ' | 5 6 ' | 5 — 4 | 3 . ||
 A - min, a - min, a - min.

P : Tentrem rahayu wontena ing panjenengan sedaya!

U : *Wontena ing panjenengan ugi!*

(umat lenggah)

Introitus

Ltgs : Para sedherek,

Ayub nelakaken paseksi mekaten, “*Sanyata Gusti Allah iku agung, ora kena kagayuh kalawan kawruh kita, cacahing tauné ora bisa kasumurupan...*” (Ayub 36:26). Gusti Allah punika tan winates, mboten gampil kanggé kita mangertosi karsanipun Gusti. Nanging punika mboten dados jalaran kita mangu-mangu dhateng panguwaos saha katresnaniPun. Gusti Allah Tritunggal ingkang Mahaagung tan winates anggenipun makarya lan nresnani kita. Pramila, Panjenenganipun ugi nimbali kita kanggé sesarengan makarya ing pakaryanipun Gusti Allah ingkang agung, ing satengahing jagad punika.

Pamujiing Pasamuwan, KPJ 19: 1-3 “PAMUJI KONJUK GUSTI”

- 1) Pamuji konjuk Gusti kang nitahken jagad raya,
 wit siyang dalah ratri tansah luber sih rahmatnya.
 Nadyan ta jagad sirna, sihnya langgeng slaminya.
- 2) Pamuji konjuk Gusti nggih Allah Kang Mahamirah,
 pra umat kang ngabekti tinuwukken klayan berkah,
 salir ingkang pinanggya dados margining begja.
- 3) Pamuji konjuk Gusti Hyang Maluhur, Mahasuci,
 kang nucèkken manungsa srana tinebus sing dosa,
 wah tinuntun mring swargi, mrih kraharjan sejati.

Dhawuh Bab Katresnan saha Pangakening Dosa

P : Minangka Sumbering kayektosan, Gusti tansah ngeneraken kita supados gesang miturut dhawuh saha karsanipun Gusti. Pramila sumangga kita migatosaken malih dhawuhipun Gusti ingkang kapethik saking Mateus 22: 37-40, ingkang mekaten: *“Paring wangsulane Gusti Yesus: “Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau.”*

Ltgs : Para sedherek,
Sumangga kita naliti gesang kita piyambak-piyambak, lan kanthi andhap asoring manah, kita ngaturaken pandonga ing ngarsanipun Allah minangka pratelaning pangakening dosa kita:

“Ing ngarsa Paduka kawula ngakeni, dhuh Gusti, bilih kawula dereng saged nindakaken dhawuh timbalan Paduka kanthi saestu. Kawula asring mangkotaken manah, remen nuruti pikajeng kawula piyambak, satemah gesang kawula tebih saking karsa Paduka. Paduka Gusti Allah ingkang tansah nunggil lan nresnani gesang kawula, nanging kawula asring mangu-mangu dhateng katresnan lan panguwaos Paduka. Kawula asring nerak dhawuh Paduka, lan nampik timbalan Paduka kangge tumut makarya ing satengahing jagad punika. Nyuwun pangapunten, dhuh Gusti, tumrap sedaya dosa lan kalepatan kawula. Amin.

U : *(ngidungaken KPJ 63: 1, 2 “TYANG NAJIS NDLARUNG ING DOSA”*

1. Tyang najis ndlarung ing dosa, tinampik mring swarga

Allah tan sudi mirsani sabarang kang nistha

Refr. Nyuwun suci, aduh Gusti

Nyuwun suci, nyuwun suci

2. Tyang najis datan tinampi ngarsané Hyang Widi

Aduh Gusti, mugi karsa mbirat dosa kula – Refr.

Sih Rahmatinipun Gusti [umat Jumeneng]

P : Ing salebeting katresnanipun, Gusti Allah karsa maringaken pangapunten dhateng saben tiyang ingkang kanthi saestu purun ngakeni dosanipun lan mratobat, kados pangandikanipun: *“Sabab iya ana ing Panjenengané marga saka rahé kita kaparingan tetebusan, yaiku*

pangapuraning dosa, manut gunging sih-rahmaté, kang wus dilubèraké marang kita kalawan sagunging kawicaksanan lan pangertèn.” (Éfésus 1:7-8)

Mekaten pawartos sih rahmat saking Gusti

U : Puji sokur konjuk Gusti.

P : Sumangga kita sami dene nampeni lan ngapunteni kadosdene Gusti sampun nampi lan ngapunteni kita. Salam “Tentrem Rahayu”

*- umat sami jawat asta kinanthenan pratela: **Tentrem Rahayu**, sinarengan pangrepining **KPJ 460** Tentrem Raharja-*

Ngidungaken KPJ. 96: 1, 2 “TYAS KITA DIMEN SLAMANYA BUNGAH”

1. Tyas kita dimén slamanya bungah lan sukarena,
déné Sang Rama ing swarga nganggep putra mring kita.
*Refr. Mara tansah abebungah saben dina antuk trang,
Dalaning urip éndah apadhang, mara tansah dén girang*
2. Hyang Agung kang njangkung kita, angreksa sing panggoda
Sih-rahmatnya kang anglipur paring kuwat-santosa – *Refr.*

LITURGI WEDHARING SABDA

Pandongan Pacawisan nampi Sabda Suci [umat lenggah] - (dening P)

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan saking Kitab Purwaning Dumadi 1: 1 – 2: 4a
Mekaten pangandikanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Gusti

Mazmur Tanggapan: Jabur Masmur 8 (kawaos dening L1+L2)

Waosan kaping kalih

L2: Waosan kaping kalih saking 2 Korinta 13: 11-13
Mekaten sabdanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Gusti

Pamaosing Injil

P: Waosan Injil kapethik saking Injil Yokanan, Mateus 28: 16-20
(Maosaken pangandikanipun Gusti saking.....)

Mekaten Pangandikanipun Gusti. Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken sarta ngestokaken pangandikanipun Gusti Allah. Haleluya!

U: do = d 4 ketuk
 1 1 | 3 3 0 3 3 | 5 5 0 5 5 | 6 . 5 4 | 3 . . ||
 Ha-le- lu- ya, Ha-le- lu- ya, Ha-le- lu - - ya!

Khotbah Wekdal ening

Pengaken Pitados Rasuli [umat Jumeneng]

Pr. : Sesarengan kaliyan Pasamuwan Suci ing salumahing bumi, sumangga kita mbabar paseksi srana ngucapaken Pengaken Pitados Rasuli, ingkang mekaten:

Pr+U : *Kawula Pitados*

Pandongga Syafaat [umat Lenggah]

P : (nuntun ing pandonga syafaat)
(Kapungkasan Donga Rama Kawula sesarengan, ingkang kakidungaken saking KPJ 152)
Rama kawula kang wonten swarga ingkang asma kasucekna
Kraton Paduka rawuh karsa Paduka klampah, ing bumi kadya aneng swarga
Ing dinten sapunika sinunga cekap rejeki,
kula kaapuntena kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan,
sampun nandukken kula dhateng panggodha, kalepasna kula saking piawon
Jer Gusti kang kagungan Kraton, lan wisesa sarta kamulyannya
Ngantos slami-laminya. Amin, amin

LITURGI PELADOSAN MEJA

PISUNGSUNG (linadosan dening M2)

M2 : Pasamuwan ingkang kinasih ing Gusti Yesus Kristus, samangke kula lan panjenengan pinaringan wewengan mratelakaken raos sokur kita kanthi linandhesan sabdanipun Gusti ingkang mekaten: ***“Kang iku para sedulur, marga saka sih-kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah, yaiku pangibadahmu kang sejati.”*** (Rum 12:1)

Umat ngaturaken Pisungsung sinareng ngrepekaken **KPJ 181 : 1, 2 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI**

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih rahmat Paduka
Datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta
Sokur paringing pakaryan, nadyan badanmba ringkih
Sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih
- 2) Sokur déné sesekaran sedhep éndah ing warni
Sokur méga ngantariksa, miwah surya ndadari
Sokur krana bingah susah, Gusti tansah rumeksa
Awit Paduka kang tansah, nuntun lampah kawula

Pandongga (umat jumeneng)

(M2 nenuntun Pandonga Pasrahing Pisungsung lan panutup Pangibadah)

LITURGI PENGUTUSAN

Pengutusan lan Berkah

P : Pasamuwan ingkang kinasih, ngenerna manah dhumateng Gusti!

U : *Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti*

P : Dadosa seksinipun Sang Kristus,

U : *Sang Roh Suci mitulungi kawula*

P : Pinujia tansah Allah Sang Rama, Sang Putra tuwin Sang Roh Suci

U : *Ingkang boten nate nebihaken katresnanipun / saking gesang kawula, /samangke dumugi ing salami-laminipun*

P : Nampenana berkahipun Gusti: *"Sih rahmatipun Gusti Yesus Kristus, lan Sihipun Allah Sang Rama ing patunggilaning Sang Roh Suci wontena ing kula lan panjenengan sedaya.*

U : *Amin"*

Kidung Panutup, KPJ 459: 1, 2 " PINUJIA ALLAH SANG RAMA

1. Pinujia Allah Sang Rama wah Sang Putra lan Roh Suci
purna pangabekti aneng greja ngrasuk gesang saben ari
*Refr. Payo nindakna kang trusing ati sabdaning Gusti sung gesang yekti
sinartan dening berkahing Gusti sung sih rahmat mring sesami.*
2. Pangabekti sestu pangibadah, lamun Gusti kang den sembah;
kraharjaning pepadha den udi, jagad ramnya tentrem yekti- *Refr. :*

-----o0o-----